

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan

Ieu panalungtikan nganalisis jeung medar rarangkén hareup dina Novel *Beruang Ka Nu Ngarora* Karya D.K. Ardiwinata. Hasil tina ieu panalungtikan bisa dicindekkeun ieu di handap.

- a. Rarangkén hareup (awalan) mangrupa rarangkén anu dikantétkeun di awal kecap, minangka hasil tina prosés ngawangun kecap ku rarangkén hareup (prefiks). Dina panalungtikan ieu, kapanggih aya sapuluh rarangkén nya éta; rarangkén hareup *ba-*, *barang-*, *di-*, *ka-*, *N-*, *pa-*, *pi-*, *sa-*, *ti-*, jeung *ting-*. Jumlah kecap rundayan anu dirarangkénan hareup kapanggih aya 768 kecap, kalayan frékuénsi makéna 2002 kali, kalayan rincian; (1) rarangkén *ba-* jumlah kecapna tilu kalayan frékuénsi makéna genep kali, (2) rarangkén hareup *barang-* aya tilu kecap kalayan frékuénsi makéna dalapan kali, (3) rarangkén hareup *di-* aya 185 kecap kalayan frékuénsi makéna 371 kali, (4) rarangkén hareup *ka-* aya 95 kecap kalayan frékuénsi makéna 228 kali, (5) rarangkén *di-* aya 345 kecap kalayan frékuénsi makéna 1.043 kali, (6) rarangkén *pa-* aya 43 kecap kalayan frékuénsi makéna 73 kali, (7) rarangkén *pi-* aya lima kecap kalayan frékuénsi makéna aya salapan kali, (8) rarangkén *sa-* aya 70 kecap kalayan frékuénsi makéna aya 269 kali, (9) rarangkén *ti-* ngan

- aya sakecap kalayan frékuénsi makéna saka¹i, jeung (10) rarangkén *ting-* aya 13 kecap kalayan frékuénsi makéna 15 kali.
- b. Rarangkén hareup ngabogaan dua fungsi, nya éta fungsi dérivatif jeung infléktif. Rarangkén hareup anu mibanda fungsi dérivatif nya éta rarangkén *ba-*, *barang-*, *di-*, *ka-*, *N-*, *pa-*, *pi-*, *sa-*, jeung *ting-*. Rarangkén hareup anu mibanda fungsi infléktif nya éta rarangkén *barang-*, *di-*, *ka-*, *N-*, *sa-*, *pa-*, *ti-*, jeung *ting-*. Data tabulasi fungsi rarangkén hareup téh bisa diilikan dina lampiran “Fungsi Rarangkén Hareup dina Novel *Baruang ka nu Ngarora*”.
- c. Harti nu diwangun ku rarangkén hareup dina panalungtikan ieu aya 29 harti. Aya anu mibanda harti hiji aya ogé anu leuwih ti hiji. Sangkan leuwih jéntré, data ngeunaan harti rarangkén hareup téh bisa diilikan dina lampiran “Harti Rarangkén Hareup dina Novel *Baruang ka nu Ngarora*”.

5.2. Saran

Saréngséna ngayakeun panalungtikan ngeunaan rarangkén hareup dina novel *Baruang Ka Nu Ngarora* Karya D.K. Ardiwinata, aya sababaraha saran anu ditepikeun, di antarana:

- a. Dina novel *Baruang Ka Nu Ngarora* kapanggih rupa-rupa rarangkén, husuna rarangkén hareup. Patali jeung ieu hal luyu pisan saupama hal ieu téh dijadikeun bahan pangajaran di sakola.

b. Ieu panalungtikan téh mangrupa panaratas pikeun panalungtikan saterusna. Dipiharep aya deui panalungtikan séjén pikeun néangan aspék-aspék lian anu aya patalina jeung rarangkén hareup sarta dipatalikeun kana bahan pangajaran.

